



Paran Elèv Sizyèm Ane yo

Pa kite se pitit ou a sèlman ki pap ka kòmanse lekòl nan premye jou klas 7^{em} ane a!!

Avan pou pitit ou a (yo) ka kòmanse klas 7^{em} ane a, fòk li prezante avèk yon dosye ki pwouve ke li resevwa dòz vaksen sa yo:

- Tdap booster (Tetanòs, diphtheria, pertussis) oubyen (Ke li te resevwa aprè laj 7 an)

**SI OU PA PRAN
VAKSEN OU PAP
KA VINI LEKOL**



VAKSEN KI OBLIGATWA POU ANE LEKOL 2011-2012 KLAS 7^{em} ANE

5 Diphtheria – Tetanus – Pertussis (DTP/DTaP)

4 Polio

2 Measles – Mumps – Rubella (MMR)

3 Hepatitis B (Hep B)

1 Chicken Pox - Varicella

1 Tdap- Tetanus, diphtheria, pertussis booster

Nou ankouraje tout paran mennen pitit yo kay yon doktè prive oubyen al wè yon pwofesyonèl swen sante nan kominote a avan sezon ete a ki toujou ankonbre rive sou yo pou yo ka fè timoun yo al pran vaksen yo rekòmande yo pran yo bonè. Doktè prive avèk klinik yo ap fè paran yo peye pri ke yo menm yo fikse.

Tout anèks Depatman Sante Collier County yo ap ofri vaksen yo rekòmande pou timoun yo gratis. Pa bliye ke ou dwe mache avèk dosye vaksinasyon pitit ou a pou ka ede nou detèmine ki kalite vaksen li ap bezwen e pou nou ka jwenn enfòmasyon ki nesesè pou ranpli Fòm Sètifika Vaksinasyon DH 680 Florid la ki prezante sou yon sètifika ble.

KLINIK NAPLES (Biwo Santral la)

Government Complex, Bldg. H
Collier County Health Department
3301 E. Tamiami Trail
Rele (239)252-8595, 252-2564, 252-8555

Lendi pou rive vandredi
8:00 AM pou rive 3:00 PM

IMMOKALEE

419 North First Street
Immokalee
Telephone (239) 252-7300

Lendi pou rive vandredi
8:00 AM pou rive 3:00 PM

Pou plis enfòmasyon konsènan rekòmandasyon vaksinasyon lekòl yo, ou kapab kontakte:
Depatman Sante Collier County

Nimewo telefòn pou vaksinasyon yo se
(239) 252-8595, 252-2564, 252-8555

Pou plis enfòmasyon konsènan lòt rekòmandasyon pou antre lekòl yo, ou kapab kontakte lekòl pitit ou a osnon

Depatman Benefis ak Byenèt nan Lekòl Piblik Collier County yo,
Eileen Vargo, Kòdinatris Sèvis Sante yo,
5775 Osceola Trail Naples, FL 34109-0919 oubyen
Telephone (239) 377-0396 oswa (239) 377-0514

Klinik nan Naples ak nan Immokalee yo fèmen:

a 12:00 (Midi) nan dènye jou travay yo nan chak mwa

Pa rete fann twò lontan... Pa di ou ap gentan fè li!!!